

Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE GEN 4.8 MILYON DOLA POU KONLETE
NETWAYAJ KAT ESPAS KI KONTAMINE**

***Pwopriyete ki nan Syracuse, Clay, Cortland ak Gloversville pral Patisipe nan
Pwogram Restorasyon Anviwònmental Eta a***

***Sibvansyon yo Ap Ede Minisipalite yo Netwaye Espas Ki Kontamine yo, Pwoteje
Kominote yo epi Ranfòse Ekonomi Lokal yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gen 4.8 milyon dola nan sibvansyon pou ede kat minisipalite netwaye kontaminan ki nan espas ki sible pou redevlopman yo. Ajans Devlopman Endistriyèl Syracuse lan (Syracuse Industrial Development Agency), Komin Clay, Vil Gloversville, ak Vil Cortland pral yo chak resevwa finansman atravè Pwogram Restorasyon Anviwònmental la (Environmental Restoration Program, ERP) nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmental (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a, ki ap ede gouvènman lokal yo netwaye espas yo ki gen kontaminasyon istorik yo epi retounen mete pwopriyete yo nan itilizasyon pwodiktif.

"New York ap kontinye rete yon lidè nan fè investisman estratejik ki ap non sèlman pwoteje anviwònman an men tou revitalize kominote yo epi kreye travay an menm tan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak sibvansyon sa yo, nou ka ede minisipalite yo netwaye kontaminasyon ki te la depi plizyè deseni epi finalman pwogrese nan redevlopman espas yo, sa ki ap bay bourad a ekonomi lokal yo epi kontribye nan revitalizasyon zòn nan."

"Yon pati nan angajman nou anvè anviwònman an nan New York se travay chak jou pou repare espas ki kontamine ki toupatou nan Eta a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a te deklare.** "Ak investisman finansman eta sa a, nou ap ede minisipalite lokal yo netwaye zòn ki te vid pandan plizyè ane yo, sa ki ap pèmèt yo vin espas ki pwodiktif pou devlopman ekonomik ak kwasans travay, Envestisman ki sible sa yo ap amelyore tou sante ak sekirite piblik moun New York yo nan retire materyo ki riske epi ki danjere yo."

Komisè DEC a, Basil Seggos, te deklare, "Lè nou ap netwaye epi rajeni pwopriyete ki te kontamine anvan yo sa ap ede pwoteje sante piblik ak anviwònman an epi pwomouvwa vitalite ekonomik. Sibvansyon ke yo te anonse jodi a yo posib gras a efò Gouvènè Cuomo ansanm ak lòt moun ap fè yo ki te aktivman fè pwomosyon pou restorasyon pwopriyete ki afekte yo epi sipòte netwayaj ak redevlopman tèren endistriyèl potansyèl yo ki toupatou nan Eta a, ki ap benefisye a gwo ak ti kominote yo."

ERP a, ki te kreye an 1996, ap bay minisipalite yo sibvansyon pou yo ka ranbouse depans ki kalifye yo nan pwopriyete tèren endistriyèl potansyèl ki se pwopriyete

minisipal yo pou ede pwomouvwa redevlopman, sa ki ede netwaye plis pase 130 espas jiskadat. Finansman pou sibvansyon yo ap fèt prensipalman atravè Kont Netwayaj Dechè Danjere (Hazardous Waste Cleanup Account) nan Eta a. Apati 2009, yo te fin itilize finansman ki pou pwogram lan, men sou lidèchip Gouvènè Cuomo, yo ka itilize kounye a jiska 10 milyon dola pa ane pou mennen ankèt epi netwaye espas ERP yo ki nan kominote toupatou nan Eta a, sa ki ap asire ke espas pou netwaye tankou espas ke yo te anonse jodi a yo pa pral janm retounen afekte konsa ankò.

Sibvansyon ke yo te anonse jodi a se premye ki pral itilize nouvo finansman sa a. Ajans Devlopman Endistriyèl Syracuse lan, Komin Clay, Vil Gloversville, ak Vil Cortland pral yo chak antre nan akò pou jwenn finansman ak DEC, ak minisipalite a ki responsab pou yon pataj 10 pousan depans pou pwojè a.

Senatè Rachel May te di, "New York Santral gen yon istwa ki fyè nan yon ekonomi ki djanm ki baze sou travay nan manifakti ki byen peye yo. Men yon pati nan istwa sa a se rezilta tou endistri an, sou fòm toksin ki nan dlo ak tèren agrikòl yo. Pliske ekonomi rejyonal nou an te chanje, nou te vin nan yon pozisyon anba fado materyo ki danjere yo nan ansyen pwopriyete endistriyèl yo epi pa te gen okenn antite ki responsab pou netwaye yo. Mwen kontan anpil dèske Vil Syracuse ap resevwa sibvansyon 1.5 milyon dola sa a ki soti nan Pwogram Restorasyon Anviwònman la pou abòde dosye tèren endistriyèl potansyèl yo ki nan Ansyen Pwopriyete Greyeman Syracuse lan (Former Syracuse Rigging Property). Mèsi a Gouvènè a poutèt li sipòte restorasyon tèren nan New York Santral".

Senatè James L. Seward te deklare, "Devlopman ekonomik ak anviwònman an yo toulède se priyorite prensipal Pwogram Restorasyon Anviwònman la ki pral pote nouvo lavi nan espas yo ki t'ap dòmi depi lontan. Cortland ap eksperimente yon transfòmasyon reyèl gras a divès sibvansyon eta a ki ap alimante kwasans ekonomik, nouvo lojman, ansanm ak lòt inisyativ ki santre sou plan lokal yo. Nan revitalize Pak Endistriyèl Noss la sa pral ranfòse pi plis rejyon an pou jenerasyon fiti yo".

Senatè Jim Tedisco te deklare, "Nouvo sibvansyon leta sa a pral ede yon netwayaj ke yo t'ap chèche depi lontan nan yon espas ki nan Gloversville ki pral ede anviwònman an epi finalman mennen nan devlopman ekonomik lokal ki pral pozitif pou kontribiyab yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a ansanm ak Komisè Seggos poutèt yo apwouve sibvansyon sa a".

Manm Asanble a Barbara Lifton te deklare, "Finansman ki soti nan DEC a reprezante yon gwo opòtinite pou kominote Cortland lan ka netwaye yon ansyen espas manifakti ki kontamine epi fè pwopriyete a vin pare pou rabouraj pou redevlopman ekonomik fiti yo. Nan mete pwopriyete tankou sa yo retounen nan itilizasyon pwodiktif yo sa se yon bon bagay pou alafwa anviwònman an ak ekonomi lokal la, epi mwen fyè pou mwen sipòte efò sa a. Mwen voye remèsiman mwen bay Gouvènè a ansanm ak DEC poutèt investisman kontinyèl ke yo te fè nan Rejyon Nò New York".

Manm Asanble a William Magnarelli te deklare, "Ansyen espas Greyeman Syracuse lan ki nan Peat Street gen yon istwa nan itilizasyon pou operasyon finansye ak endistriyèl yo, ki date depi ane 1890 yo, men ki te rete la san itilize depi plis pase 20 ane. Anons sou sibvansyon ke Pwogram Restorasyon Anviwònman la te fè a ap bay lespwa ke yo pral repare zòn nan epi retounen mete li nan itilizasyon. Kapasite pou fè

sa, san yo pa faktire minisipalite a pou tout depans pou netwayaj yo, ap benefisye a abitan lokal yo, vil nou an ak anviwònman an globalman".

Manm Asanble a Robert J. Smullen te deklare, "Se yon bon bagay pou nou wè finansman Eta a pral fin netwaye Espas American Tannery an (Pan American Tannery Site) ki nan Gloversville. Lè nou retire materyèl ak kontaminan ki danjere yo, nou ap ouvri yon fason pozitif pòt pou nouvel opòtinite devlopman ekonomik yo ki pral ede ranfòse kominote nou an epi kenbe fanmi nou yo an sekirite. Nou dwe kontinye ak efò nou ap fè yo pou asire ke chak moun New York ap viv nan yon anviwònman ki sekirize epi ki pwòp".

Manm Asanble Al Stirpe te di, "An onè a Jounen Tè a semèn sa a, nou dwe rekonèt ke anviwònman nou an frajil epi resous natirèl nou yo pa ilimite. Se responsablite nou pou nou non sèlman pwoteje epi prezève anviwònman nou an pou jenerasyon fiti yo, men tou pou pran mezi pou repare dega pase yo. Finansman sa a pral ede komin Clay netwaye yon espas ki kontamine pou ke yo ka retounen itilize li epi kontinye ak angajman eta a pou asire ke fanmi nou yo gen dlo pwòp pou yo bwè, lè ki fre pou yo respire ak tèren ki an sante pou yo itilize. Mwen espere wè pwojè sa a ki ap reyalize epi fè nou vanse pou ale nan yon New York Santral ki pi pwòp, ki pi dirab".

Pwojè ki ap resevwa finansman nan dènye faz sibvansyon sa yo se:

Konte Onondaga

Komin Clay: 2,990,000 dola

Espas Rivaj Maider Road lan te fonksyone kòm yon etablisman estokaj pou kabiran ak asfalt soti nan anviwon 1940 rive jiska 1996. Pati rejyon nò a te gen ladan yon platfòm pou dechaje bato yo. Yo te transfere petwòl pou ale epi soti nan espas lan an pati apati liy apwovizyonman yo ki lonje soti depi nan Rivyè Oneida pou rive nan espas la. Yo te transfere tou petwòl pou ale epi/oswa soti nan espas lan apati yon wout ray ki dirije nan lès espas lan. Yo pral itilize sibvansyon an pou reyalize [plan netwayaj](#) DEC a ki ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an lè yo abòde dosye tèren agrikòl ak dlo anba tè yo ki kontamine pa petwòl ak konpozan petwolye yo ki gen pami yo idwokabòn awomatik polisiklik (polycyclic aromatic hydrocarbons, PAHs), ak metal lou yo tankou asenik.

Ajans Devlopman Endistriyèl Vil Syracuse: 1,501,000 dola

Ansyen Pwopriyete Greyeman Syracuse lan te sipòte anvan sa divès operasyon komèsyal ak endistriyèl depi omwen ane 1890 yo, ansanm ak yon travay nan asye estriktirèl, yon fòj ak magazen machin yo, yon etablisman reparasyon ekipman, ak yon founisè penti ak vèni yo. Operasyon nan pase yo te koze kontaminasyon espas lan akoz yo te lage pwodwi petwolye yo ki soti nan tank ak tiyo estokaj an mas yo. Yo pral itilize finansman an pou reyalize [plan netwayaj](#) DEC a ki ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an lè yo abòde dosye tèren agrikòl ak dlo anba tè yo ki kontamine pa yon varyete metal ak PAH yo.

Konte Fulton

Vil Gloversville: 192,000 dola

Espas Pan American Tannery an te yon ansyen tànri ki t'ap fonksyone depi 1912 rive jiska nan mitan ane 1990 yo, prensipalman kòm yon etablisman retànri ak finisyon. Yo pral itilize sibvansyon an pou reyalize [plan netwayaj](#) DEC a ki ap pwoteje sante piblik ak

anviwònman an lè yo abòde dosye tèren agrikòl ak dlo anba tè yo ki kontamine pa PAH yo, konpozan òganik volatil yo (volatile organic compounds, VOCs) ak metal lou yo tankou asenik.

Konte Cortland

Vil Cortland: 115,000 dola

Pak Endistriyèl Noss lan te okipe pa yon etablisman manifakti kab soti 1866 rive 1970. An plis, dekapaj chimik kab yo te enplike itilizasyon asid ki konsantre anpil yo. Lè yo te demoli batiman an, yo te itilize debri yo pou ranpli baz fondasyon yo ak lòt eskavasyon yo. Yo pral itilize finansman an pou reyalize [plan netwayaj](#) DEC a ki ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an lè yo abòde dosye tèren agrikòl ak dlo anba tè yo ki kontamine pa PAH yo, VOC yo ak metal lou yo tankou asenik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)